

# SIPÒTE MOUN OU RENMEN KI NAN SANT DETANSYON ICE

Gid sa a kreye pou rezon edikatif  
sèlman. Li pa yon konsèy legal.



## Kijan pou ou jwenn yon moun ki nan Sant Detansyon ICE?

- Itilize lyen sa a pou sa konnen kote zanmi/fanmi ou an ye si ICE te kenbe li:  
<https://locator.ice.gov/odls/#/search>.
  - Chache ak A nimewo li a epi peyi kote li fèt, oubyen enfòmasyon byografi moun lan.



### Sistèm Sou Entènèt Pou Lokalizasyon Moun Ki Nan Detansyon

The following notice is being posted as directed by the February 18, 2026 order issued by the U.S. District Court for the Central District of California in *Maldonado Bautista v. Noem*, No. 25-1873 (C.D. Cal. filed July 23, 2025).

[Notice - English](#) [Notice - Spanish](#)

#### Search Page

Chwazi yon lòt lang

Kreyòl

Itilize paj sa a pou jwenn yon prizonnye ki nan detansyon nan men ICE kounye a oswa ki te nan gad nan men Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Etazini pou plis pase 48 èdtan.

**Sistèm pou lokalize moun ki nan detansyon sou entènèt pa ka fè rechèch pou dosye moun ki pa ko gen laj 18 tan.**

#### Rechèch avèk Nimewo A

Si w konnen Nimewo A moun ki nan detansyon an, ICE rekòmande pou w itilize rechèch ak Nimewo A a. Nimewo A a dwe gen egzakteman nèf chif nan longè. Si Nimewo A a gen mwens pase nèf chif, tanpri ajoute zewo nan kòmansman an. Epitou, ou dwe chwazi Peyi kote moun nan te fèt la e li dwe kòrèk. (\* Kaz obligatwa)

Nimewo A \*

A-Number

Peyi Kote Moun Nan fèt \*

- Chwazi yon peyi -

### Enfòmasyon ki gen rapò ak sa

#### Enfòmasyon Itil

Estati yon ka

Konsènan Lokalizasyon Moun Ki Nan Detansyon An

Bwochi

Biwo lokal ICE ERO

Etablisman Detansyon ICE

Avi sou konfidansyalite


#### Lyen Ekstèn

Lokalizasyon Pou Moun Ki Nan Detansyon Nan Biwo Prizon

- Pou ou ka gade yon video ki montre kijan pou ou fè sa etap-pa-etap, ale sou: <https://www.youtube.com/watch?v=EtRvKsGYEmk&t=9s> (Anglè).
- Pou Plis enfòmasyon ale sou sit Sant Nasyonal Jistis pou Imigran: <https://immigrantjustice.org/for-immigrants/know-your-rights/what-do-if-you-or-loved-one-detained/> (Anglè, Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Fransè, ak Arab).



# Kijan pou ou Kontakte yon Moun ki nan Sant Detansyon



Yon fwa ke ou konnen kibò yo kenbe ou ap chache a, ou ka kontakte sant lan dirèkteman. Chak sant genyen pwòp règleman pa li pou apèl telefòn, resevwa lèt, ak vizit. Pifò moun ki nan sant detansyon yo ka fè apèl peye, men sa ka pran tan anvan yo gen mwayen jwenn telefòn.

Si ou gen plan pou vizite, verifye orè vizit yo ak egzijans sant lan davans. Gen kèk sant ki vle se sou randevou oubyen limite vizit yo pou fanmi pwòch ak reprezantan legal yo.

Pou sa jwenn lis ak enfòmasyon pou kontakte sant detansyon nan Pennsylvannia yo, ale sou [https://www.ice.gov/detention-facilities?state=31&office=&name=.](https://www.ice.gov/detention-facilities?state=31&office=&name=)

FILTER BY

Pennsylvania

Field Office

Search by Facility Name...

Apply

Reset



**Clinton County Correctional Facility**

Philadelphia Field Office  
58 Pine Mountain Road  
McElhattan, PA 17748



**FCI Lewisburg**

Philadelphia Field Office  
2400 Robert F. Miller Drive  
Lewisburg, PA 17837



**FDC Philadelphia**

Philadelphia Field Office  
700 Arch Street  
Philadelphia, PA 19106



**Moshannon Valley Processing Center**

Philadelphia Field Office  
555 GEO Drive  
Philipsburg, PA 16866



**Pike County Correctional Facility**

Philadelphia Field Office  
175 Pike County Blvd.  
Lords Valley, PA 18428

Men lis sant detansyon nan Pennsylvannia yo (Tanpri sonje si ou pa sitwayen Ameriken oubyen ou gen Rezidans, ou dwe konsidere danje sa genyen pou tante vizite yon sant detansyon).

- [Clinton County Correctional Facility](#)
- [Moshannon Valley Processing Center](#)
- [Pike County Correctional Facility](#)
- [FCI Lewisburg](#)
- [FDC Philadelphia](#)



# CLINTON COUNTY CORRECTIONAL FACILITY



## Sitwèb

<https://www.ice.gov/detain/detention-facilities/clinton-county-correctional-facility>.

## Adrès:

58 Pine Mountain Road  
McElhattan, PA 17748



## Nimewo Telefòn (Pou enfòmasyon jeneral sèlman)

- Rele (570) 547-6903 ant 8 tè nan maten pou 4 è nan apre midi.  
Lè ou rele, tanpri genyen: nimewo #A moun nan oswa enfòmasyon pèsonèl li pare, ladan gen non ak siyati li, nenpòt alyas li itilize, dat nesans li ak peyi kote li fèt.
- Pou mesaj ijans, ou dwe rele (570) 769-7680 epi kite non konplè moun nan detansyon an, nimewo anrejistremant etranje (Alien number) a, non ou ak nimewo telefòn yo ka jwenn ou.

## Depoze lajan sou kont pèsonèl detansyon moun nan

Pou fèpo lajan sèlman:

- Kyòsk: Ou ka depoze lajan nan kyòsk la 7 jou nan semenn nan depi 7 tè nan maten pou rive 10 zè nan aswè.
- Anliy: ATM Prizon (an anglè : JailATM) sou entènèt la:  
<https://deposits.jailatm.com/webdeposits/>.
- Pa lapòs: Voyer Manda lajan (an anglè Money Order) pa lapòs Ameriken.

## Apèl Telefòn, Tèks Mesaj, Apèl Videyo ak Tablèt

Kreye yon kont sou:

<https://www.smartjailmail.com>.

The screenshot shows the Smart Communications website. At the top is a navigation bar with 'Home', 'How It Works', 'Support', and 'Contact Us'. Below this is a header with the tagline 'Bringing Families and Friends Together'. The main content area describes the Smartmate™ system, which connects family and friends with incarcerated individuals through an online communications system. There are 'Sign Up' and 'Log In' buttons. Below this is a 'Service Information' section with a grid of services: SmartEvo™ Telephone Service, \$ Trust Account Deposits, Electronic Messaging, SmartVisit™ Video Visitation, Electronic Photo Delivery, and MailGuard™ Postal Mail Processing. At the bottom, there is a copyright notice: 'Copyright © 2026 by Smart Communications. All Rights Reserved. Privacy Policy - Terms of Service - View in English or Español'.



## Pou Kontakte Ofisye Depòtasyon an

Pou jwenn enfòmasyon sa yo, kontakte sou-biwo ERO Williamsport la nan (570) 244-4380.



P.O. Box 8688, Philadelphia, PA 19101



<https://hiaspa.org/>



215-832-0900

## CLINTON COUNTY CORRECTIONAL FACILITY

### Lè Visit yo


Pou ka jwenn plis enfòmasyon: [Règ Jeneral, Gid ak Orè Vizit pou Vizit](#).

- Nimewo telefòn pou ou ka pran randevou pou vizit se: (570) 769-7680 ext. 3600.
- Ofisye Responsab Vizit la ap pwograme vizit la dapre orè inite selil moun lan ak disponiblite li.
- Vizitè yo DWE rive 10 minit anvan lè vizit la pwograme a pou yo ka anrejistre si se pa sa yo PAP resevwa yo.
- Se yon sèl (1) vizit pou chak peryòd tan.

### Voye Lèt bay Moun nan Detansyon yo

Pou ka jwenn plis enfòmasyon ale sou: [Règ ak Gid Jeneral pou Lapòs k ap Antre ak k ap Soti nan Sant Koreksyon Konte Clinton an](#).

Non Moun nan detansyon an Ak Nimewo Idantite (an anglè I.D.) Sant lan  
c/o Smart Communications  
PO Box 1907  
Pinellas Park, FL 33780  
(ekri adrès la jan ou wè li a)



Yo PA P AKSEPTÉ atik sa yo nan adrès ki anlè a:

- Lèt Legal.
  - Pake ki bezwen moun siyen pou resevwa yo.
  - US Postal Service Money Orders (no letter included) Manda lajan (an anglè: Money Order) Sèvis Lapòs Etazini (lèt pa ladan li).
- Ou dwe kontinye poste voye ale dirèkteman bay Sant lan atik ki nan lis anlè a.

### Zafè pèsònèl pou vwayaje oubyen Lè yo Libere de Sant lan

Pou ka genyen plis enfòmasyon ale sou: [Règ ak Gid Jeneral pou Lapòs k ap Antre ak k ap Soti nan Sant Koreksyon Konte Clinton an](#).

Before sending packages to detainees, contact the Warden at: Anvan ou voye yon pakè bay yon moun nan detansyon, kontakte Direktè Prizon an nan:

Clinton County Correctional Facility  
58 Pine Mountain Road  
McElhattan, PA 17748

- Sonje byen moun yo ap depòte yo (fè kite Etazini yo) gen dwa pote yon sèl ti valiz.
- Si yon moun nan detansyon pa gen bagay sa a, ou ka voye/fè livrezon ti valiz sa a apre yo fin resevwa otorizasyon nan men Ofisye Sipèvizè Depòtasyon an.
- Tanpri sonje pou rezon sekirite, yo p ap aksepte okenn aparèy elektwonik (telefòn selilè, razwa elektrik, òdinatè pòtab, radyo, elatriye).



# MOSHANNON VALLEY PROCESSING CENTER




## Sitwèb

<https://www.ice.gov/detain/detention-facilities/moshannon-valley-processing-center>.

## Adrès:

555 GEO Drive  
Philipsburg, PA 16866



## Nimewo Telefòn (Pou enfòmasyon jeneral sèlman)

- Rele (717) 767-2300 ant 8 a.m. pou 4 p.m.
- Lè ou rele, tanpri genyen tou pare nimewo #A moun lan ak enfòmasyon pèsònèl li, ladan yo non, siyati, ak non konpoze, nenpòt alyas li te ka itilize, dat nesans ak peyi li fèt.
- Pou mesaj ijans, ou dwe rele (814) 768-1200 epi kite non konplè moun nan detansyon an, nimewo anrejistreman etranje (Alien) lan, non ou ak nimewo telefòn yo ka jwenn ou.


## Depoze lajan sou kont pèsònèl detansyon moun nan

Ou ka deposite lajan pa:

- **Telefòn:** Ou ka mete lajan sou kont moun nan detansyon an lè ou rele "Access Corrections" nan nimewo sa a 1-866-345-1884
- **Anliy:** [www.accesscorrections.com](http://www.accesscorrections.com).
- **Pa Lapòs:**  
Moshannon Valley Processing Center,  
555 GEO Drive,  
Philipsburg, PA 16866
- Reference detainee name on money order.

## Phone Calls, Text Messages, Video Calls & Tablets

- Create an account with: <https://www.gettingout.com/>.



P.O. Box 8688, Philadelphia, PA 19101



<https://hiaspa.org/>



215-832-0900

## MOSHANNON VALLEY PROCESSING CENTER

- Pou leson videyo yo ale sou: <https://www.gettingout.com/help/video-tutorials/>.
- SA SE SI OU VLE – Aplikasyon Getting Out la: Anplis de sa (se yon opsyon) ou ka telechaje aplikasyon GTL Getting out la sou telefòn ou oswa tablèt ou swa sou Google Play oubyen Apple App Store (aplikasyon an vèt ak yon desen mesaj an blan). Nou te remake Aplikasyon an gen plis pwoblèm pase sit entènèt la an tèm de "lokalize" moun ki nan detansyon apati lojisyèl yo a oubyen mete lajan sou kont ou.
- Telechaje aplikasyon GTL GettingOut la apati Apple App Store oubyen Google Play. Apati de sa ou kapab:
  - Depoze lajan sou kont ou
  - Voye epi resevwa mesaj
  - Voye foto ak videyo
  - Jere kontak ou
- Liy asistans pou sitwèb Getting Out la se 1-866-516-0115.

### Pou Kontakte Ofisye Depòtasyon an

Kontakte [Philadelphia.Outreach@ice.dhs.gov](mailto:Philadelphia.Outreach@ice.dhs.gov) pou sa jwenn plis enfòmasyon.

### Lè Visit yo

- Pou ou ka planifye yon vizit, rele davans nan (717) 767-2300 oubyen voye imèl bay [schedulemvpc@geogroup.com](mailto:schedulemvpc@geogroup.com).
- Sèt (7) jou nan semenn lan 8 a.m. pou 8 p.m.
- Nòmalman, sesyon vizit yo ka dire omwen de zèd tan, sa depan de kantite vizitè yo ak kantite anplwaye ki la a yo. Ofisye responsab la ka bay fanmi ki sòti lwen yo plis tan.
- Pa ka gen plis pase de (2) granmoun (18 tan oubyen pi gran) ak de (2) timoun (17 tan oubyen pi piti).

### Voye Lèt bay Moun nan Detansyon yo

- Lèt w ap voye bay moun nan detansyon yo dwe gen ladan yo:
  - Kat (4) dènye nimewo Nimewo-A moun nan detansyon an (Nimewo Dosye),
  - Anplis non ak adrès moun ki voye lèt la.
- Adrès lapòs la:  
Moshannon Valley Processing Center  
555 GEO Drive  
Philipsburg, PA 16866

### Zafè pèsònèl pou vwayaje oubyen Lè yo Libere de Sant lan

Tanpri kontakte Sant lan pou kowòdone livrezon pakè yo.

- Yo PA aksepte resevwa zafè pèsònèl yon moun nan detansyon pa lapòs.
- Se an pèsòn pou ou pote nan sant lan nenpòt zafè pèsònèl pou yon moun ki dwe depòte.
- Moun nan detansyon yo otorize genyen sèlman yon ti valiz ki peze mwens ke 40 liv.
- Gwosè valiz a ta dwe menm bagay ak yon valiz ou ka pote andedan yon avyon.



# PIKE COUNTY CORRECTIONAL FACILITY



## Sitwèb

<https://www.ice.gov/detain/detention-facilities/pike-county-correctional-facility>.

## Adrès:

175 Pike County Blvd.  
Lords Valley, PA 18428



## Nimewo Telefòn (Pou enfòmasyon jeneral sèlman)


- Rele (570) 775-5500 ant 8 tè nan maten pou 4 è nan apre midi.  
Lè ou rele, tanpri genyen: nimewo #A moun nan oswa enfòmasyon pèsònèl li pare, ladan gen non ak siyati li, nenpòt alyas li itilize, dat nesans li ak peyi kote li fèt.
- Pou mesaj ijans, ou dwe rele (570) 775-5500 epi kite non konplè moun nan detansyon an, nimewo anrejistremen etranje (Alien Number) a, non ou ak nimewo telefòn yo ka jwenn ou.

## Depoze lajan sou kont pèsònèl detansyon moun nan

- Anliy: To deposit funds into an inmate/ detainee's inmate trust account and commissary, Pou depoze lajan sou kont pèsònèl pou prizonye/detni an ak sou kont pou kantin prizonye/detni an, itilize [www.accesscorrections.com](http://www.accesscorrections.com).
- Pa telefòn: Nimewo telefòn lan se 1-866-345-1884.
- An pèsòn: Ou ka depoze lajan nan nan machin kyòsk la nan resepsyon ak cash oubyen ak kat kredi.

## Apèl Telefòn, Tèks Mesaj, Apèl Videyo ak Tablèt

- Kreye yon kont nan: <https://www.gettingout.com/>.



## PIKE COUNTY CORRECTIONAL FACILITY

- Pou leson videyo yo ale sou: <https://www.gettingout.com/help/video-tutorials/>.
- SA SE SI OU VLE – Aplikasyon Getting Out la: Anplis de sa (se yon opsyon) ou ka telechaje aplikasyon GTL Getting out la sou telefòn ou oswa tablèt ou swa sou Google Play oubyen Apple App Store (aplikasyon an vèt ak yon desen mesaj an blan). Nou te remake Aplikasyon an gen plis pwoblèm pase sit entènèt la an tèm de "lokalize" moun ki nan detansyon apati lojisyèl yo a oubyen mete lajan sou kont ou.
- Telechaje aplikasyon GTL GettingOut la apati Apple App Store oubyen Google Play. Apati de sa ou kapab:
  - Depoze lajan sou kont ou.
  - Voye epi resevwa mesaj.
  - Voye foto ak videyo.
  - Jere kontak ou.
- Liy asistans pou sitwèb Getting Out la se 1-866-516-0115.

### **Pou Kontakte Ofisye Depòtasyon an**

Pou jwenn enfòmasyon sa yo, kontakte sou-biwo ERO Pike la nan (272) 252-1050.

### **Lè Visit yo**

- Pou tout Moun – Inite Selil A, G – 8:30 a.m. pou 11:30 a.m. ak 12:45 p.m. pou 2:45 p.m. epi Sunday – 8:30 a.m. pou 11:30 a.m.
- Yo ap fouye tout moun k ap vizite Sant lan.
- Vizitè yo pa gen dwa pase oswa eseye pase okenn bagay bay moun ki nan detansyon.
- Vizitè yo pa gen dwa pote okenn bagay nan espas vizit la.

### **Voye Lèt bay Moun nan Detansyon yo**

Poste SÈLMAN bagay pèsònèl tankou lèt, foto, ak desen. Kounye a sa ou ap poste voye bay detni ou an dwe ekri konsa :

Non sant, Eta

Non moun nan detansyon an, #OCA#

P.O. Box 247

Phoenix, MD 21131

Dokiman legal yo dwe poste voye bay documents should be mail to:

- Non Konplè
- Nimewo Anrejistremant Entranje [Alien] (Nimewo A)
- Adrès lapòs la:

Pike County Correctional Facility

175 Pike County Blvd.

Lords Valley, PA 18428

(ekri adrès la jan ou wè li a)

### **Zafè pèsònèl pou vwayaje oubyen Lè yo Libere de Sant lan**

Yon moun nan detansyon ka resevwa bagay nan adrès an apre sa a zafè pèsònèl sèlman ki nesèsè pou vwayaje oswa pou lè ajans lan libere li nan gad la avèk otorizasyon Ofisye Depòtasyon ICE la:

DHS/ICE/ERO

175 Pike County Blvd.

Lords Valley, PA 18428.

Sonje moun nan detansyon yo pral fè klite Etazini yo gen dwa mete as yon ti valiz ki peze mwens pase 20 liv. Yo bezwen genyen otorizasyon anvan yo voye li pa lapòs oubyen depoze li. Pou rezon sekirite, yo p ap aksepte okenn aparèy elektwonik (telefòn selilè, razwa elektrik, òdinatè pòtab, radyo, elatriye).



# FCI LEWISBURG (UNITED STATES PENITENTIARY)




## Sitwèb

<https://www.bop.gov/locations/institutions/lew/>.

## Adrès:

2400 Robert F. Miller Drive  
Lewisburg, PA 17837



## Nimewo Telefòn (for general information only)

- Rele (570) 523-1251.
- Lè ou rele, tanpri genyen tou pare nimewo #A moun lan ak enfòmasyon pèsonèl li, ladan yo non, siyati, ak non konpoze, nenpòt alyas li te ka itilize, dat nesans ak Nimewo Anrejistremen BOP li.

## Depoze lajan sou kont pèsonèl detansyon moun nan

Inmates can receive funds at a BOP-managed facility, which are deposited into their commissary accounts. To learn more visit:

<https://www.bop.gov/inmates/communications.jsp#money>.

### MoneyGram's:

- Jwenn ajan pi pre ou lè ou rele nan 1-800-926-9400 oubyen ale sou: [www.moneygram.com](http://www.moneygram.com).
- Ou ap bezwen ranpli yon Fòm Pèman Ble MoneyGram Express: [https://www.bop.gov/inmates/docs/moneygram\\_form\\_2012.pdf](https://www.bop.gov/inmates/docs/moneygram_form_2012.pdf).
- Ou ka peye ak lajan kash.

### Nan telefòn::

- Rele 1-800-634-3422 epi chwazi opsyon 2. Ou ap bezwen yon kat kredi oubyen debi.

### Sèvis Lapòs Ameriken (lèt):

- Chwazi kijan w ap voye lajan pa lapòs la - nou sèlman aksepte manda lajan (sa yo rele an anglè a: Money Order), chèk gouvènman ameriken, chèk sètifye/kès (sa yo rele an angle "Cashier's check" la), oswa yon chèk labank. Tanpri pa voye lajan kach oswa chèk pèsonèl; yo p ap aksepte yo.

## Apèl Telefòn, Tèks Mesaj, Apèl Videyo ak Tablèt

- Yon moun nan detansyon ka mande pou li voye mesaj elektwonik bay yon moun nan kominote a.
- Yo mete non moun sa a sou lis kontak yo, sa anplwaye yo dwe bay otorizasyon yo pou sa. Pou ka gade leson videyo patikilye sou sa, ale sou: <https://www.youtube.com/channel/UCHEAiZTKJbi77E48TIF5P2Q>.
- Resevwa yon envitasyon: Moun nan detansyon an dwe an premye mete adrès imel ou nan lis kontak TRULINCS li. Yon fwa yo fè sa, ou ap resevwa yon imel ki sòti nan sistèm Corrlinks lan ak enstriksyon sou kijan pou kreye kont ou.



## FCI LEWISBURG (UNITED STATES PENITENTIARY)

- **Louvri Imèl la:** Tcheke bwat resepsyon imèl ou pou resevwa envitasyon Corrlinks voye ba ou a. Byen verifye ou tcheke dosye spam oswa bwat dosye fatra a si ou pa wè li nan bwat resepsyon ou. Imèl la ap gen yon kòd otorizasyon ou ap bezwen pou kreye yon kont.
- **Kreye yon Kont:** Klike sou lyen ki nan imèl la pou kòmanse pwosesis enskripsyon an. Ou ap bezwen mete adrès imèl ou, kreye yon modpas, epi antre kòd otorizasyon ki nan imèl la.
- **Fini Enskripsyon an:** Swiv enstriksyon yo pou ou ka fini enskripsyon ou an. Ou ka bezwen verifye adrès imèl ou a lè yo mande ou klike sou yon lyen verifikasyon yo ap voye sou imèl ou a.
- **Antre sou Kont Ou an:** Yon fwa kont ou a kreye epi verifye, antre sou Corrlinks avèk imèl epi modpas ou a. Kounye a, ou ka jere kontak ou yo epi kòmanse voye mesaj bay moun nan detansyon an.
- **Mete Moun nan detansyon an nan lis kontak ou:** Apre ou fin antre sou kont ou an, ou ka voye yon demann bay moun nan detansyon an pou ou mete li nan lis kontak ou. Yon fwa yo aksepte demann ou an, ou ap kapab kominike avèk li apati sistèm Corrlinks la.

### Pou Kontakte Ofisye Depòtasyon an

Kontakte Sou biwou Williamsport la ki anba Biwo Teren Philadelphia a nan (570) 244-4380.

### Lè Visit yo

Pou ka genyen plis enfòmasyon ale sou: <https://www.bop.gov/inmates/visiting.jsp>.

- Ou ka sèlman al vizite yon moun nan detansyon si yo mete ou sou lis vizit yo a lè ou ranpli fòm sa a [https://www.bop.gov/policy/forms/BP\\_A0629.pdf](https://www.bop.gov/policy/forms/BP_A0629.pdf). Apre sa, yo ap voye fòm nan ba ou pa lapòs pou ou ranpli tout lòt rès espas fòm lan.
- Voye fòm lan ale epi tann jiskaske BOP apwouve ou.
- Lè vizit yo se Vandredi, depi 8 tè nan maten pou rive 11 zè nan maten epi jou ferye depi 8 tè nan maten pou rive 11 zè nan maten.

### Lèt bay Moun nan Detansyon

Lèt ki pral jwenn moun nan detansyon yo dwe genyen kat dènye chif nimewo A moun lan, anplis non ak adrès moun ki voye lèt la.

ICE Detainee Name & Register Number  
FCI Lewisburg  
Federal Correctional Institution  
P.O. Box 1000  
Lewisburg, PA 17837

### Zafè pèsònèl pou vwayaje oubyen Lè yo Libere de Sant lan

- Sonje byen moun yo ap depòte (fè kite Etazini yo) gen dwa pote yon sèl ti valiz.
- Pou ou ka kowòdone lè pou ou livre valiz, kontakte Sou Biwo Williamsport ERO a nan (570) 244-4380.



# FDC PHILADELPHIA (FEDERAL DETENTION CENTER)




## Sitwèb

<https://www.bop.gov/locations/institutions/phl/>.

## Adrès:

700 Arch Street  
Philadelphia, PA 19106



## Nimewo Telefòn (Pou enfòmasyon jeneral sèlman)

- Rele (215) 521-4000.
- Lè ou rele, tanpri genyen tou pare nimewo #A moun lan ak enfòmasyon pèsònèl li, ladan yo non, siyati, ak non konpoze, nenpòt alyas li te ka itilize, dat nesans ak peyi li fèt.

## Depoze lajan sou kont pèsònèl detansyon moun nan

Pou ka konnen plis ale sou: <https://www.bop.gov/inmates/communications.jsp#money>.

Moun nan detansyon yo ka resevwa lajan nan yon biwo BOP ap jere, ke yo depoze sou kont kantin yo.

## MoneyGram's:

- Jwenn ajan pi pre a lè ou rele 1-800-926-9400 oubyen ale sou: [www.moneygram.com](http://www.moneygram.com).
- Ou ap bezwen ranpli yon Fòm Pèman Ble MoneyGram Express: [https://www.bop.gov/inmates/docs/moneygram\\_form\\_2012.pdf](https://www.bop.gov/inmates/docs/moneygram_form_2012.pdf).
- Ou ka peye ak lajan kash.

## Nan telefòn:

- Rele 1-800-634-3422 epi chwazi opsyon 2. Ou ap bezwen yon kat kredi oubyen debi.

## Sèvis Lapòs Ameriken (lèt):

- Chwazi kijan w ap voye lajan pa lapòs la - nou sèlman aksepte manda lajan (sa yo rele an anglè a: Money Order), chèk gouvènman ameriken, chèk sètifye/kès (sa yo rele an anglè "Cashier's check" la), oswa yon chèk labank. Tanpri pa voye lajan kach oswa chèk pèsònèl; yo p ap aksepte yo.

## Apèl Telefòn, Tèks Mesaj, Apèl Videyo ak Tablèt

- Yon moun nan detansyon ka mande pou li voye mesaj elektwonik bay yon moun nan kominote a. Yo mete non moun sa a sou lis kontak yo, sa anplwaye yo dwe bay otorizasyon yo pou sa. Pou ka gade leson videyo patikilye sou sa, ale sou: <https://www.youtube.com/channel/UCHEAiZTKJbi77E48TIF5P2Q>.
- Resevwa yon envitasyon: Moun nan detansyon an dwe an premye mete adrès imel ou nan lis kontak TRULINCS li. Yon fwa yo fè sa, ou ap resevwa yon imel ki sòti nan sistèm Corrlinks lan ak enstriksyon sou kijan pou kreye kont ou.



## FDC PHILADELPHIA (FEDERAL DETENTION CENTER)

- **Louvri Imèl la:** Tcheke bwat resepsyon imèl ou pou resevwa envitasyon Corrlinks voye ba ou a. Byen verifye ou tcheke dosye spam oswa bwat dosye fatra a si ou pa wè li nan bwat resepsyon ou. Imèl la ap gen yon kòd otorizasyon ou ap bezwen pou kreye yon kont.
- **Kreye yon Kont:** Klike sou lyen ki nan imèl la pou kòmanse pwosesis enskripsyon an. Ou ap bezwen mete adrès imèl ou, kreye yon modpas, epi antre kòd otorizasyon ki nan imèl la.
- **Fini Enskripsyon an:** Swiv enstriksyon yo pou ou ka fini enskripsyon ou an. Ou ka bezwen verifye adrès imèl ou a lè yo mande ou klike sou yon lyen verifikasyon yo ap voye sou imèl ou a.
- **Antre sou Kont Ou an:** Yon fwa kont ou a kreye epi verifye, antre sou Corrlinks avèk imèl epi modpas ou a. Kounye a, ou ka jere kontak ou yo epi kòmanse voye mesaj bay moun nan detansyon an.
- **Mete Moun nan detansyon nan lis kontak ou:** Apre ou fin antre sou kont ou an, ou ka voye yon demann bay moun nan detansyon an pou ou mete li nan lis kontak ou. Yon fwa yo aksepte demann ou an, ou ap kapab kominike avèk li apati sistèm Corrlinks la.

### Pou Kontakte Ofisye Depòtasyon an

- Voye demann yo pa imèl sou bwat imèl piblik biwo teren Filadeldi a nan [Philadelphia.Outreach@ice.dhs.gov](mailto:Philadelphia.Outreach@ice.dhs.gov) oubyen rele (215) 656-7164.

### Lè Visit yo

- Pou ka genyen plis enfòmasyon ale sou: <https://www.bop.gov/inmates/visiting.jsp>.
- Ou ka sèlman al vizite yon moun nan detansyon si yo mete ou sou lis vizit yo a lè ou ranpli fòm sa a [https://www.bop.gov/policy/forms/BP\\_A0629.pdf](https://www.bop.gov/policy/forms/BP_A0629.pdf). Apre sa, yo ap voye fòm nan ba ou pa lapòs pou ou ranpli tout lòt rès espas fòm yo.
- Voye fòm lan ale epi tann jiskaske BOP apwouve ou.
- Lè vizit yo se Vandredi, depi 8 tè nan maten pou rive 11 zè nan maten epi jou ferye depi 8 tè nan maten pou rive 11 zè nan maten.

### Lèt bay Moun nan Detansyon

- Pou ka genyen plis enfòmasyon ale sou: <https://www.bop.gov/inmates/communications.jsp#mail>.

NON MOUN NAN DETANSYON AN AK NIMEWO ANREJISTREMAN  
FDC Philadelphia  
FEDERAL DETENTION CENTER  
P.O. BOX 562  
PHILADELPHIA, PA 19105.

### Zafè pèsònèl pou vwayaje oubyen Lè yo Libere de Sant lan

- Sonje byen moun yo ap depòte (fè kite Etazini yo) gen dwa pote yon sèl ti valiz.
- Si yon moun nan detansyon pa gen bagay sa yo, yo ka voye/livre bagay sa yo apre yo fin resevwa otorizasyon nan men Ofisye Sipèvizè Depòtasyon an.
- Tanpri konnen pou rezon sekirite, yo pa aksepte okenn aparèy elektwonik (telefòn selilè, razwa elektrik, òdinatè pòtab, radyo, elatriye).



# KIJAN POU OU JWENN YON REPREZANTAN LEGAL POU YON MOUN OU ICE KENBE?



Si yon moun ou nan detansyon nan Pennsilvanya epi li pa gen mwayen pou li peye sèvis yon avoka imigrasyon, li ka ka jwenn sèvis legal imigrasyon la a:

## **Pennsylvania Immigrant Family Unity Project (PAIFUP)**

Ou ka jwenn yon reprezantan legal nan Pennsylvania Immigrant Family Unity Project (PAIFUP). Pou yo ka gade si ou kalifye pou sèvis a pati PAIFUP, rele oswa voye yon imèl bay:


- Nimewo dirèk: 267-765-6912
- Imèl dirèk :  
[PAIFUP@philadefender.org](mailto:PAIFUP@philadefender.org)

Tanpri gen enfòmasyon sa yo pare:

- Non (ak diferan fason posib pou ekri non an).
- Peyi orijin.
- Dat nesans. A# (si w konnen li).
- Brèf sikonstans arestasyon an.
- Kilè/kijan moun nan te antre Ozetazini (ane, kote/fason li te antre).
- Èske yo te janm gen okenn rankont ak ICE?
- Èske yo te janm depòte anvan/èske yo gen yon lòd depòtasyon?
- Ki moun ki yon moun pou kontakte deyò nou ka kontakte pou plis enfòmasyon (non, relasyon, pi bon lang, nimewo telefòn ak adrès imèl).
- Èske moun nan gen nenpòt aplikasyon annatant?
- Si se wi, èske ou gen yon kopi aplikasyon sa yo (oswa si ou avèk USCIS, nimewo resi a).

## **Òganizasyon Sèvis Legal pou Imigran nan Pennsilvani**

Sèvis Imigrasyon Legal: Pou sa jwenn lis òganizasyon san bi likratif ki ofri sèvis legal imigrasyon, ale sou: [Òganizasyon Sèvis Legal pou Imigran nan Pennsilvani](#).



## **Rezo Repons Rapid nan Pennsilvani**

Rezo repons rapid yo se gwoup manm kominote ki resevwa fòmasyon, defansè, ak alye ki ede imigran yo pandan ak apre aksyon ki aplike lalwa imigrasyon, tankou desant, detansyon, oswa vizit ICE.

Rezo sa yo gen pou objektif pwoteje diyite, asire aksè a dwa, epi konekte moun ak resous atravè Pennsilvani. Pou yon lis rezo repons rapid nan Pennsilvani, vizite: [Rezo Repons Rapid nan Pennsilvani](#).

## **Ale sou resous legal ki pa nan Pennsilvanya:**

- Immigrant Advocates directory: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/>.
- American Immigration Lawyers Association directory: <https://ailalawyer.com/>.



# SENK BAGAY PARAN ICE KENBE YO DWE KONNEN



## Men senk bagay pou paran yo konnen sou règleman an:

---

Ou gen dwa pou ou pran desizyon konsènan swen ak gad pitit ou nan moman yo kenbe ou a.

---

Ou gen dwa pou yo kenbe ou toupre pitit ou epi pou ou rete an kontak avèk yo pandan ou nan detansyon.

---

Ou ka mande èd nan pifò sant detansyon yo pou ede ou fè plan pou pitit ou.

---

Ou ka patisipe nan dosye tribunal pou byennèt pitit ou pandan ou nan detansyon ICE la.

---

You can decide whether your child will remain in the U.S. and make alternative care arrangements. Ou ka decide si pitit ou a ap rete Etazini epi fè aranjman pou gad legal li.

---

## Paran yo gen dwa pou pran desizyon konsènan swen ak sekirite pitit yo, menm lè yo Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) mete yo nan detansyon.

- Sant Nasyonal pou Lwa Imigrasyon (National Immigration Law Center) ansanm ak Sant pou Lwa ak Politik Sosyal (Center for Law and Social Policy) devlope pou paran imigran resous ki bay detay sou dwa paran yo genyen pandan yo kenbe yo epi mete yo nan detansyon.
- Pou sa genyen plis enfòmasyon, ale sou:
- <https://www.nilc.org/resources/know-your-rights-five-things-parents-detained-by-ice-should-know/> (disponib an Anglè, Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè ak Koreyen).



# KIJAN POU OU RAPÒTE EPI EVITE FWOD NOTÈ NAN DOSYE IMIGRASYON



Notè pa avoka, epi yo pa kalifye pou bay konsèy legal oswa sèvis imigrasyon. Genyen kèk ka, yo se moun nan kominote a ki pale lang ou, men lwa sou imigrasyon an konplèks kidonk li trè enpòtan pou jwenn enfòmasyon ak èd legal nan men sous ou fè konfyans epi ki kalifye.

Malerezman, anpil fanmi imigran yo viktim move magouy oubyen moun ki pretann yo ka ofri èd legal alòske yo pa otorize yo pa otorize pratike lalwa imigrasyon. Pou sa genyen plis enfòmasyon sou frod ou pi fasil tonbe sou yo ak kijan pou pwoteje tèt ou, ale sou:

Gade videyo yo epi aprann tout bagay sou Notè ak move zak sou imigrasyon ale sou:  
<https://www.miracoalition.org/immigration-scams-and-notario-fraud-information/> (videyo yop disponib an Anglè, Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè ak Chinwa).



## Depoze yon plent paske yo vyole libète sivil yo

ACLU: Si yon moun ou konnen kwè ICE oubyen lòt ajan pou fè respektete lalwa ki vyole dwa libète sivil li, ranpli fòm sa a pou ou ou ka antre an kontak ak Inyon Ameriken pou Libète Sivil ACLU-PA:  
<https://www.aclupa.org/our-work/courts/file-complaint/>.



ACLU Pennsylvania Online Form To Request Legal Assistance Language ▼

### ACLU PENNSYLVANIA ONLINE FORM TO REQUEST LEGAL ASSISTANCE

#### REQUEST FOR LEGAL ASSISTANCE


**PLEASE BE ADVISED:** The purpose of this intake form is for the ACLU of Pennsylvania ("ACLU-PA") to assess whether it can provide you with assistance or representation. Filing out this form does not create an attorney/client relationship between you and the ACLU-PA. The ACLU-PA does not represent you unless you and the ACLU-PA have both signed a written retainer agreement. **You are solely responsible** for any and all statutes of limitations or other deadlines applicable to your specific situation. To protect your rights, please consult with a private attorney to determine deadlines applicable to your case. **Do not wait to hear from the ACLU-PA before proceeding with your matter.**

Please be sure to read about the kinds of cases the ACLU of Pennsylvania accepts before filling out this form.

There may be deadlines that could affect your lawsuit or grievance. If you are concerned about whether the time for bringing your complaint is about to pass, you should not rely on filing an ACLU complaint to protect you; you should consult with an attorney of your choice.

If you would like to request legal assistance, fill out the form below.

\* Indicates the required fields.



P.O. Box 8688, Philadelphia, PA 19101



<https://hiaspa.org/>



215-832-0900

# DOKIMAN ENPÒTAN AVOKA OU A KA BEZWEN SI ICE KENBE OU



**Men yon [lis dokiman](#) ak enfòmasyon yon avoka imigrasyon ka mande lè li ap eseye libere yon moun nan detansyon.**

## **Dokiman enpòtan yon moun ICE kenbe**

- Paspò (yo) (Peyi kote ou fèt) ak Paspò ameriken pou timoun yo (Si li konsène) Passport(s) (from country of origin) and U.S. passport for children (if applicable).
- Batistè ou ak pa timoun yo (Yo dwe tou tradwi an Anglè si sa nesesè).
- Sètifika maryaj / jijman divòs (si li konsène).
- Lisans kondwi ak/oubyen lòt pyès idantite.
- Kopi kat sekirite sosyal (yo) oubyen enfòmasyon sekirite sosyal/nimewo ITIN.
- Kopie rapò medikal timoun yo (ak pou ou menm) Copies of medical records for children (and yourself) ki gen ladan alèji, medikaman, asirans ak kontak doktè.
- Kopi fich ou touche, deklarasyon taks, dokiman lokasyon/ipotèk, bòdwo sèvis piblik (pou montre kote ou rete ak lyen ou ak lòt moun).

## **Dokiman Imigrasyon pou moun ICE kenbe a**


- Nimewo anrejistremant "Alien" lan ak kopi tout papye imigrasyon yo: pa egzant, papye lè ou rive a I-94 (si genyen), so Viza (yo), dokiman refijye/moun k ap mande azil, kat vèt (Kat Rezidans Pèmanan), EAD/pèmi travay, elatriye.
- Kopi ansyen dosye demann imigrasyon, petisyon, apèl, oswa dosye pwosedi pou depote.
- Kopi nenpòt avi pou te di yo apwouve, avi resepsyon, oswa avi pou prezante (Notices to Appear an anglè) nan pwosedi imigrasyon ak lòt dokiman USCIS, ICE, tribinal imigrasyon oswa CBP ba ou sou fwontyè a (si li konsène).
- Dokiman ki montre ou la lontan depi lontan oubyen ou tabli nan kominotè Etazini (bòdwo sèvis piblik, kontra lokasyon, manm nan gwoup kominotè, lèt sipò nan men anplwayè, fanmi ak zanmi).
- Kopi nenpòt dosye arestasyon kriminel / dezisyon tribinal sètifye (si li konsène).

**Anplis de sa, avoka ou a ka mande lèt sipò pou dosye ou a. Men kèk modèl ou ka itilize pou ranmase enfòmasyon ou ap bezwen yo.**

- Egzanp [lèt sipò](#) nan men manm kominote yo pou mande odyans pou libere sou kosyon.
- Egzanp [lèt de yon sponso](#) pou yon odyans pou mande libere sou kosyon oswa pou mande pou libere sou kondisyon.
- Egzanp [Afidavit/Deklarasyon](#) pou odyans sou kosyon oswa pou mande libere sou kondisyon.



HIAS PA Konnen Dwa Ou: <https://hiaspa.org/the-issues/know-your-rights/> (multiple languages)



- Pennsylvania Immigration Coalition -Vizit Resous Repons Rapid: <https://www.paimmigrant.org/rapid-response-information>.
- Pennsylvania Immigration Resource Center: <https://www.pirclaw.org>.
- NIJC Manyèl Konnen Dwa Ou pou Moun ki an Detansyon: <https://immigrantjustice.org/know-Your-Rights/Detained-Pro-Se-Manual>.
- NIPNLG: [Kisa m ap siyen lè m siyen deportasyon mwen an?](#)
- NIPNLG: [Enstriksyon pou Eksplikasyon Habeas ak Depoze Pro Se.](#)
- NIJC Resous "Konnen Dwa Ou" yo: <https://immigrantjustice.org/KnowYourRights>.
- Materyèl oto-èd pou Tribinal Imigrasyon an: <https://www.justice.gov/eoir/self-help-materials>.
- ACLU: [Kisa pou fè lè w ap kominike avèk ICE:](#) <https://www.wehaverights.us/>.
- Global Refugee: Asire w ke Pwofesyonèl yo ap jere ka imigrasyon yo: <https://www.globalrefuge.org/the-wrong-help-can-hurt>.